



Pou Piblikasyon Imedya: 12/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN PWOJÈ DRAGAJ REJYONAL REDI A NAN KONTE MONROE AK KONTE JEFFERSON

Dragaj nan Sandy Creek ak Clayton French Creek Marina pral asire pò san danje ak aksè kontinyèl ak bato

Dragaj nan Henderson lan, ki se "The Cut" ki nan Vil Henderson fini

Inisyativ Dragaj Rejyonal 15 milyon dola Eta a ap kontinye bati rezistans Sou rivaj Lak Ontario ak St. Lawrence River

Foto yo Disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kòmansman dragaj nan Sandy Creek Inlet, nan vil Hamlin, Konte Monroe nan kad Pwojè Dragaj Rejyonal (Regional Dredging Project) REDI a ki koute 15 milyon dola a. Dragaj jiska 20 kanal navigasyon bò rivaj sid Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan se yon aspè enpòtan nan [Inisyativ pou Rezistans ak Devlopman Ekonomik](#) (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Eta New York la ki koute 300 milyon dola. Pwojè dragaj la retire sediman nan fon vwa navigab la pou pèmèt yon pò ki san danje ak pasaj bato kontinyèl Yo prevwa ke yo pral retire plis pase 5,700 yad kibik sediman nan Sandy Creek. Dragaj yo pral ranpli ak mwayen mekanik epi flòt dragaj la pral gen ladan yon baj, yon ekskavatis ak yon remòkè. Yo pral mete sediman ki drage soti nan kanal la nan yon zòn ki defini ki apeprè 1,200 pye nan pati nò zòn yo pwopoze pou dragaj la.

"Kominote toutolon Lake Ontario ak St. Lawrence River te oblije konbat avèk konsekans kondisyon meteyojik ekstrèm yo ak inondasyon akòz chanjman klimatik pandan dènye ane yo epi New York ap fè tout sa ki nan pouvwa li pou li asire ke kominote sa yo prepare pou kèlkeswa sa Manman Lanati ta lanse kont yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou antreprann kalite efò dragaj ak rezistans sa yo, nou pa sèlman ede asire ke kanal navigasyon sa yo rete ouvè, men nou ap kenbe moun ki travèse yo an sekirite, pandan y ap ede pwoteje kominote biznis lokal la ki konte sou yon endistri touris k ap pwospere."

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York, RoAnn Destito, te deklare, "Bay aksè san danje ak pò ak bè Lak Ontario yo ekstrèmman enpòtan tou pou alafwa moun ki renmen moute bato lwazi ak pou ekonomi touris rejyonal la ke dola pa yo ede sipòte. Etap enpòtan ke yo atenn nan dragaj nan konte Monroe ak konte Jefferson demontre

pwogrè siyifikatif administrasyon Gouvènè Hochul la ap fè nan kominote bò rivaj sid yo otou gwo lak sa a ak sa yo ki sou bò St. Lawrence River a."

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te anonse ke gen dragaj ki sou pye nan Clayton French Creek Marina, nan Vilaj Clayton, Konte Jefferson. French Creek Marina a se yon destinasyon pou touris ki popilè, ki atire vizitè ki soti nan tout eta a pou opòtinite lwazi, ki gen ladan aktivite kan, remokaj, navigasyon, ak plonje. Dragaj nan kanal marina a pral fini lè yo sèvi avèk mwayen idwolik, sa k ap retire yon kantite materyèl ki estime a 6,800 yad kibik. Flòt dragaj la pral gen ladan yon ekskavatis idwolik ki ekipe ak GPS ak yon baj oswa yon navèt aterisaj. Yo pral dechaje sediman yo drage yo soti nan baj yo ale dirèkteman nan kamyon baskil yo pou livrezon nan yon pasèl ke Konte Jefferson posede ki sitiye nan entèseksyon St Lawrence Road (Konte Route 9) ak Mutton Lane nan vil Cape Vincent. Yon fwa ke yo seche sediman an nan lokal sa a, Vil Clayton pral itilize li kòm ranblè jeneral nan pwojè antretyen Vil la.

Gouvènè Hochul te anonse tou ke yon pwojè dragaj adisyonèl te fini nan vil Henderson, nan Konte Jefferson, nan sa yo rele souvan "The Cut", ki se yon ti kanal ki konekte Lak Ontario ak nan Henderson Bay. Pwojè Henderson lan te fini pandan yo t ap itilize mwayen mekanik epi flòt dragaj la gen ladan yon baj, yon ekskavatis ak yon remòkè. Volim sediman yo te retire a te anviwon 600 yad kibik. Yo te mete sediman yo te drage anan yon zòn ki defini anviwon yon kilomèt edmi ak kanal sòti a.

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare, Atravè inisyativ REDI a, n ap ede kominote Lak Ontario yo revitalize bò litoral yo epi rezoud pwoblèm ke biznis ak rezidan bò litoral yo ap fè fas. Ajans Eta New York yo ap travay an patenarya avèk plizyè kominote pou aplike mezi tankou pwojè dragaj sa yo, ki pral ede amelyore navigabilite an jeneral ak founi aksè ak resous bò litoral yo pou rezidan yo ansanm ak vizitè yo."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Investisman REDI New York yo kontinye avanse pwojè k ap benefisyè kominote yo bò rivaj sid St. Lawrence River ak Lak Ontario a. Drage Sandy Creek ak Clayton French Creek Marina pral amelyore vwayaj pou bato, pwoteje kanal navigasyon pò yo ak soutni lwazi ak aktivite ekonomik li sipòte san yo pa konpwomèt pwoteksyon anviwònman yo."

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Inisyativ REDI a kontinye rete yon lyen vital pou kominote bò rivaj nou yo nan Eta New York, epi vil Hamlin se youn nan kominote sa yo ki pral benefisyè anpil nan investisman tankou sa a. Pwojè sa yo pa sèlman estimile touris ak devlopman ekonomik nan rejyon sa yo, men sa ki pi enpòtan, yo enpòtan nan prezèvasyon kominote litoral sa yo epi yo amelyore kalite lavi pou tout moun ki rete la."

Senatè Patty Ritchie te deklare, "Pandan dè deseni, French Creek Marina te yon plas kote moun te kapab ale pou tout bezwen navigasyon yo epi asireman, pase tan ak zanmi ak fanmi yo nan kan zòn nan. Pwojè dragaj enpòtan sa pral asire ke moun yo ka

ale nan marina yon fason ki an sekirite epi ki fasi pou anpil ane k ap vini yo". Mwen sèlman regrèt ke Hans Wahl French Creek la, ki se youn nan pi gwo defansè St. Lawrence River ak navigasyon san danje a, pou li ta ka isit la pou wè li—men mwen espere ke fanmi li ak zanmi yo jwenn konfò lefèt ke enpak defans li an sibziste."

Manm Asanble Ken Blankenbush te deklare, "Mwen byen kontan wè pwojè REDI la fini nan Henderson Bay. Pwojè dragaj sa a pral benefik pou navigatè ak pechè lwazi yo, sa k ap bay pò ki pi an sekirite, pandan y ap sipòte endistri touris rejyon an."

Manm Asanble Stephen Hawley te deklare, "Pwojè pwo-aktif tankou sa a pèmèt nou ekonomize anpil lajan sou pakou a epi, sa ki pi enpòtan, li ede anpeche domaj oswa aksidan ki ta ka rive si sit sa yo te rete san antretyen. Bò litoral nou yo se yon resous ekonomik enkwayab pou nou genyen nan kominote nou an, kidonk mwen byen kontan pwojè sa a ap kenbe sit Sandy Creek la san danje epi operasyonèl pou yo ka jwi li pou dè deseni kap vini yo."

Assemblyman Mark Walczyk said, "Mwen te defann finansman REDI, mwen kontan wè yon kontinyasyon nan lajan sa yo ke yo ap itilize pou antretyen prevantif sou koridò St. Lawrence, espesyalman nan kominote tankou Clayton kote pwoteje litoral la enpòtan anpil pou ekonomi lokal la ak pou sekirite piblik la. Mwen pral kontinye travay pou ranfòse enfrastrikti nan kominote ki afekte nan inondasyon yo, e mwen rekonesan pou tout patnè volontè nan gouvènman nou an."

Prezidan Konte Lejislatif Jefferson, Scott Gray, te deklare, "Pwojè REDI yo kontinye rebati litoral nou yo ak pasaj yo pou fè kominote nou yo pi fleksib epi amelyore navigasyon nan vwa navigab ak nan kanal nou yo. Kanal dragaj se yon antretyen ki nesèsè pou kenbe navigasyon lwazi e li gen yon enpak ekonomik pozitif sou biznis yo bò litoral la. Dragaj la ak sediman yo re-itilize yo pral bay yon benefis anplis pou founi yon plan konplè pou jesyon pò kontinyèl."

Sipèvizè Vil Henderson la, Ed Glaser, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou wè travay nan Henderson Bay a fini. Dragaj nan Bè a enstrimantal nan kenbe vwa navigab la ouvri pou alafwa rezidan yo ak vizitè yo, sipòte biznis lokal yo, ak fè pwomosyon pou endistri lapèch nan rejyon an ke yo renmen anpil la."

Sipèvizè Vil Hamlin lan, Eric Peters, te deklare, "Dragaj kanal Sandy Creek la enpòtan pou sante ak devlopman ti kominote biznis la isit la nan vil Hamlin. Nou rekonesan pou nou wè pwojè k ap kòmanse. Atravè Pwogram Dragaj Rejyonal REDI a, NYS ap ede asire pasaj san danje ak kontinyèl pou navigatè ak kapitèn chatè lwazi yo ki pral pwoteje endistri touris la ki tèlman enpòtan pou kominote nan Litoral Vil Hamlin ak nan Lak Ontario yo."

Majistra Vilaj Clayton nan Norma Zimmer te deklare, "Dragaj REDI nan French Creek Marina Clayton lan pral yon avantaj pou tout moun ki vizite Vilaj la epi jwi tout opòtinite lwazi ke Marina gen pou li ofri. Jefò sa a pral sipòte biznis lokal nou yo nan

soutni endistri touris ki enpòtan anpil nan rejyon an. Nan non Vilaj la, mwen prezante rekonesans nou anvè Gouvènè Hochul ak pwogram REDI pou sipò kontinyèl la."

Objektif Pwojè Dragaj Rejyonal REDI a se pou bay yon apwòch global ak bezwen dragaj aktyèl yo pou kanal navigasyon pò yo ki itilize prensipalman pou navigasyon rekreyatif ak refij nan rejyon an. Pwojè sa a abòde dragaj ki nesèsè jiska 20 kanal navigasyon pò atravè Faz I ak Faz II a. Pandan Faz III a, Eta a pral bay konte yo enfòmasyon yo bezwen pou mete ajou, elaji ak aplike plan eksplwatasyon, antretyen, ak finansman alontèm pou kenbe kanal navigasyon rekreyatif yo alavni.

Jiska jodi a, Eta a reyalize 13 pwojè dragaj REDI ak retire anviwon 56,000 yad kibik sediman pou l bay kanotye rekreyatif aksè sekirize nan Lake Ontario ak St. Lawrence River. Anplis de sa, "The Cut" ki nan Henderson lan, ki se pwojè dragaj ki reyalize a gen ladan Port Bay, Blind Sodus Bay, East Bay, Bear Creek ak Pultneyville nan Konte Wayne, Sandy Pond Inlet ak Salmon River/Port Ontario nan Konte Oswego, Irondequoit Bay ak Braddock Bay nan Konte Monroe, Little Sodus Bay nan Konte Cayuga, ak Golden Hill State Park nan Konte Niagara, Oak Orchard nan Konte Orleans.

Tout aktivite dragaj yo depann de kondisyon tanperati ak kondisyon dlo favorab yo. Detay sou Pwojè Rejyonal Dragaj la nan konte Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence, ak Wayne, ansanm ak avantaj rejyonal pou tout konte sa, yo disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)